



Depatman Lajistis Etazini
Divizyon Dwa Sivil

Biwo Pwokirè Etazini an
Distrik Santral Florida



**Akò Règleman
ant
Etazini Damerik
ak
Distrik Lekòl Konte Clay**



Depatman Lajistis Etazini

Divizyon Dwa Sivil

Biwo Pwokirè Etazini an

Distrik Santral Florida



ENTWODIKSYON

Distrik Lekòl Konte Clay (“Distrik” la) dakò pou li konfòme li nèt ak Akò Règleman sa a (“Akò”) pou rezoud mank konfòmite ak Lwa sou Chans Egal nan Zafè Edikasyon (Equal Educational Opportunities Act) 1974 la, 20 U.S.C. §§ 1701 *et seq.* (“EEOA”). EEOA a egzije pou Distrik la pran “mezi ki nesesè pou simonte baryè lang ki anpeche patisipasyon elèv li yo yon fason egal ego nan pwogram pedagojik li yo.” 20 U.S.C. § 1703(f).

Depatman Lajistis Etazini an (“Etazini”) te envestige pwogram Distrik la pou elèv k ap Aprann Anglè yo (English Learner, “EL”) epi li te idantifye aspè nan pwogram EL Distrik la ak pratik ki pa konfòme yo ak Seksyon 1703(f) nan EEOA a. Pi presizeman, (1) Distrik la pa idantifye ak evalye kòmsadwa elèv ki gen posibilité pou yo se EL yo; (2) pwogram EL Distrik la pa kalkile yon fason rezonab jan pou li byen aplike modèl ansèyman li chwazi an; (3) Distrik la pa simonte baryè lang ki anpeche pou elèv EL yo patisipe nan sistèm sipò yo pou edikasyon jeneral la ak nan pwogram Edikasyon pou Elèv Eksepsyonèl (Exceptional Student Education, ESE) Distrik la; (4) Distrik la fè elèv EL yo soti twò bonè nan pwogram EL la anvan yo demonstre yo konpetan nan anglè; (5) Distrik la pa byen kominike ak paran elèv ki gen Konpetans Limite nan Anglè yo; epi (6) Distrik la pa evalye kòmsadwa pwogram EL li yo pou verifye yo bay rezulta.

Distrik la ak Etazini gen menm bi pou yo garanti elèv EL yo nan Distrik la resevwa ansèyman ak sipò yo bezwen yo pou vin konpetan nan anglè epi pou patisipe yon fason egal ego nan lekòl la. Pati yo siyen Akò sa a kòm mwayen pou pote yon lòt solisyon pou konfli pou evite pwosè epi pou favorize ekonomi sou plan jidisyè ak gouvènmantal. Distrik la dakò pou li aplike mezi rektifikatif ki nan Akò sa a pou rezoud mank konfòmite Etazini idantifye yo nan envestigasyon li an. Kote Distrik la deja kòmanse mezi rektifikatif yo, Akò sa a dokimante yo. Akò a ap rete an vigè pandan kat ane lekòl konplè apre dat antre an vigè a, konfòmeman ak Seksyon 10 ki pi ba a.



TAB DE MATYÈ

<u>Definisyon Tèm yo nan Akò a</u>	<u>4</u>
<u>Seksyon 1. Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè yo</u>	<u>7</u>
<u>Seksyon 2. Idantifikasyon ak Plasman Elèv EL yo</u>	<u>8</u>
<u>Seksyon 3. Ansèyman ELD ak Ansèyman Abrite</u>	<u>10</u>
<u>Seksyon 4. Konseye ESOL yo</u>	<u>13</u>
<u>Seksyon 5. Sèvis Edikasyon pou Elèv Eksepsyonèl pou Elèv EL yo</u>	<u>16</u>
<u>Seksyon 6. Devlòpman Pwofesyonèl</u>	<u>18</u>
<u>Seksyon 7. Kominikasyon</u>	<u>20</u>
<u>Seksyon 8. Kontwòl ak Evalyasyon Pwogram</u>	<u>23</u>
<u>Seksyon 9. Rapò</u>	<u>25</u>
<u>Seksyon 10. Aplikasyon</u>	<u>26</u>
<u>Siyati Pati yo nan Akò a</u>	<u>28</u>
<u>Apendis A</u>	<u>29</u>
<u>Apendis B</u>	<u>31</u>



DEFINISYON TÈM YO NAN AKÒ A

- A. **Pwofesè yon Matyè** se yon pwofesè matematik, syans, syans sosyal, oswa konpetans nan enfòmatik.
- B. **Matyè Debaz yo** se matematik, syans, syans sosyal, ak anglè/lang ak literati (paregzanp, yon kou anglè, lekti, oswa redaksyon) nan nivo primè ak segondè.
- C. **Jou**, jan yo itilize li nan Akò sa a, vle di jou kalandriye eksepte si gen yon dènye delè selon Akò sa a ki tonbe pandan wiken oswa yon jou ferye, dat limit la se ap pwochen jou ouvrab la.
- D. **Dat Antre an Vigè** vle di dat kote toude Pati yo siyen Akò sa a.
- E. **Elèv k ap Aprann Anglè (English Learners, EL)** oswa **elèv EL** se elèv ki bezwen èd pou simonte baryè lang ki anpeche yo patisipe yon fason egal ego nan pwogram pedagojik Distrik la.
- F. **Konpetans nan Lang Anglè (English Language Proficiency, ELP)** se kapasite yon elèv pou li, ekri, pale, ak konprann lang anglè a jan nòt elèv la detèmine li nan yon evalyasyon konpetans nan lang anglè ki valid ak fyab pou chak nan kat domèn lang yo ki se pale, koute, li, ak ekri.
- G. **Devlopman Konesans nan Lang Anglè (English Language Development, ELD)** se ansèyman anglè dirèk, klè, nan men yon pwofesè kalifye, ki gen ladan yon apwòch sistematik ak apwopriye pou nivo devlopman elèv la pou anseye elèv EL yo lang nan. Ansèyman ELD a aplike estanda yo pou koute, pale, li ak ekri, ki nan Estanda pou Devlopman Konesans nan Lang Anglè ki nan Konsepsyon ak Evalyasyon Pedagojik Klas Mondyal la (World-Class Instructional Design and Assessment, WIDA) ke Departman Edikasyon Florida a adopte.
- H. **ESOL** se Anglè pou Moun ki Pale Lòt Lang (English for Speakers of Other Languages).
- I. **Pwofesè ki Sètifye nan ESOL** se yon pwofesè ki gen tit konpetans pou anseye ESOL li resevwa nan men Departman Edikasyon Florida a.
- J. **Pwofesè ki gen Apwobasyon pou ESOL** se yon pwofesè ki fè 300 èdtan pou resevwa apwobasyon ESOL la ki obligatwa pou pwofesè anglè/lang ak literati nan nivo primè ak segondè yo.
- K. **Enfòmasyon Esansyèl** se kanè ak lòt rapò sou pwogrè akademik; enfòmasyon sou opsyon ak planifikasyon akademik; enfòmasyon sou enskripsiyon; enfòmasyon sou pwosedi evalyasyon ki mande ki lang yon elèv pale, ki lang paran an pi pito pou kominike, ak pwosesis la pou refize tout oswa sèlman sèten sèvis EL presi; demann pou otorizasyon paran an pou elèv la patisipe nan pwogram ak aktivite Distrik/lekòl la parennen; reklam ak anons yo distribye bay elèv yo ki gen enfòmasyon sou aktivite lekòl la ak Distrik la ki dwe ananse pou elèv yo ka patisipe nan aktivite sa yo (paregzanp, tès, aktivite paralèl ak pwogram lekòl la ki egzije demann patisipasyon, rankont paran ak pwofesè, pòt ouvè); dokiman ki gen pou wè ak edikasyon espesyal, sa gen ladan IEP, Plan Entèvansyon pou



Konpòtman, Evalyasyon Konpòtman Fonksyonèl, ak dwa paran yo nan edikasyon espesyal; enfòmasyon sou disiplin elèv; mènyèl pou paran; enfòmasyon ki gen pou wè ak sante ak sekirite piblik; ak nenpot lòt enfòmasyon ekri ki dekri dwa/responsabilite paran yo oswa elèv yo ak avantaj/sèvis ki disponib pou paran yo ak elèv yo.

- L. **Ansyen elèv EL** se yon elèv ki te yon elèv EL anvan sa men ki pi ta vin respekte kritè valid ak fyab pou li soti nan pwogram EL la. Pami kritè sa yo gen demontre konpetans nan yon evalyasyon valid ak fyab pou Konpetans nan Lang Anglè ki evalye toulè kat domèn lang yo ki se li, ekri, pale ak koute.
- M. **Ki Gen Konpetans Limite nan Anglè (Limited English Proficient, LEP)** se moun ki pa pale anglè kòm lang prensipal yo epi ki gen kapasite limite pou yo li, pale, ekri oswa konprann anglè, epi ki poutèt sa gen dwa bezwen èd pou kominike oswa pou jwenn sèvis.
- N. **Lang Prensipal yo** se lang elèv EL yo pale plis nan distrik la apa anglè, e pamlang sa yo gen panyòl, kreyòl ayisyen, ak nenpòt lang omwen 50 paran pale nan Distrik la baze sou repons paran yo pou kesyon ki nan keyonnè sou lang yo pale lakay yo oswa nan lòt dokiman enskripsiyon chak ane lekòl.
- O. **Nouvo Arivan yo** se nenpòt elèv ki te fèt andeyò Etazini ki rive nan Etazini nan de (2) ane ki sot pase yo. Elèv sa yo ka te gen edikasyon ki limite, ki sispann, oswa pa t gen okenn edikasyon fòmèl nan peyi kote yo te fèt la.
- P. **Elèv ki Chwazi Pa Resevwa Sèvis EL** se yon elèv EL ki gen paran li ki chwazi pa kite li pwofite sèvis aprantisaj lang anglè pou elèv EL yo; pou sa yo te siyen yon renonsyasyon volontè ak eklere a sèvis sa yo nan yon lang paran yo konprann.
- Q. **Paran** se nenpòt oswa toude paran byolojik oswa adoptif elèv la oswa responsab legal elèv la.
- R. **Entèprèt Kalifye oswa Tradiktè Kalifye** vle di yon moun ki, ke se yon anplwaye Distrik la peye, ke se yon travayè endepandan, ke se yon benevòl (avèk restriksyon w ap jwenn nan Seksyon 7.D, pi ba a): (a) respekte kalifikasyon yo jeneralman aksepte nan domèn entèpretasyon pale oswa tradiksyon ekri an; (b) demontre konpetans nan entèprete oswa tradui kouraman ak kòrèkteman deklarasyon ki fèt nan lang anglè nan lang moun nan kominike a epi vise vèsa; (c) fòme nan bay entèpretasyon oswa tradiksyon Distrik la mande a; (d) gen kont konesans nan toude lang yo sou nenpòt tèminoloji espesyalize ki nesesè pou bay entèpretasyon oswa tradiksyon kòrèk (paregzanp, tèm edikasyon espesyal); epi (e) fòme nan etik entèpretasyon oswa tradiksyon (paregzanp, nesesite pou egzaktitud ak konfidansyalite).
- S. **Ansèyman Abrite (Sheltered Content Instruction, SCI)** se yon metòd pou anseye elèv EL yo Matyè Debaz nan nivo klas yo nan lang anglè gras a entegrasyon lang anglè ak alfabetizasyon nan ansèyman matyè a. Ansèyman Abrite a sistematikman enkòpore yon evantay metòd ansèyman ki fè kou Matyè Debaz yo pi konpreyansib ak aksesib pou elèv EL yo epi an menm tan li favorize devlòpman konesans yo nan lang anglè. Metòd sa yo ap gen



Depatman Lajistis Etazini

Divizyon Dwa Sivil

Biwo Pwokirè Etazini an

Distrik Santral Florida



Iadan yo, pami lòt: anseye objektif lang nan ki ede elèv EL yo reyalize objektif matyè a; devlope ak aktive konesans preyalab; anseye klèman vokabilè akademik la; pote soutyen pedagojik; diferansye ansèyman an pou elèv EL yo; gwoupe elèv EL yo dapre nivo Konpetans yo nan Lang Anglè; sèvi ak dokimantasyon, tèks, ak imaj siplemantè ak adapte; aplike aprantisaj koperatif ak travay an gwoup; ofri soutyen nan lang prensipal la; bay opinyon konpreyansib ak klarifikasyon; ankouraje chita pale akademik; anseye konpetans nan lekti ak redaksyon pou matyè a; sèvi ak evalyasyon pandan aprantisaj ak evalyasyon somatif pou objektif lang nan ak objektif matyè a avèk akomodasyon pou EL; epi fè kòmantè ki apwopriye pou nivo konpetans elèv EL la sou itilizasyon li de lang nan ak demonstrasyon li de konesans matyè a.



Depatman Lajistis Etazini

Divizyon Dwa Sivil

Biwo Pwokirè Etazini an

Distrik Santral Florida



Seksyon 1. Pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè yo

- A. Distrik la pral pran “mezi ki nesesè pou simonte baryè lang ki anpeche patisipasyon egal ego” elèv yo nan pwogram pedagojik li yo. 20 U.S.C. § 1703(f).
- B. Konfòmeman ak kondisyon ki pi ba la a, Distrik la pral elabore yon pwogram pou Elèv k ap Aprann Anglè k ap idantifye rapidman ak kòrèkteman elèv EL yo; k ap sèvi ak pwofesè kalifye ak fòme pou ofri elèv EL yo ELD epi mete ansèyman kou Matyè Debaz yo aksesib pou elèv EL yo; k ap kontwole pwogrè akademik ak pwogrè nan konpetans nan lang anglè chak EL; k ap fè elèv EL yo soti nan pwogram EL la nan bon lè epi kontwole pwogrè Ansyen elèv EL yo lè yo fin soti nan pwogram nan; epi kolekte ak analize enfòmasyon k ap pèmèt evalye efikasite pwogram EL la.



Seksyon 2. Idantifikasyon ak Plasman Elèv EL yo

- A. Distrik la pral kontinye egzije pou tout paran yo reponn yon kesyonnè sou lang yo pale lakay yo pandan pwosesis enskripsyon nouvo elèv la.
- B. Nan kòmansman ane lekòl 2024-25 la pou pi ta, Distrik la pral bay elèv yo fè "WIDA Screener" a (Evalyasyon WIDA), ke toude Pati yo dakò se yon evalyasyon Konpetans nan Lang Anglè ki valid ak fyab pou nivo klas apwopriye a, nan toulè kat domèn yo nan lang nan¹ pou tout elèv ki nan kindègadenn rive nan 12yèm ane ki respekte nenpòt nan kritè sa yo:
 1. kesyonnè sou lang yo pale lakay yo te ranpli nan kad enskripsyon elèv la endike se yon lang ki pa anglè yo pale lakay elèv la oswa elèv la pale; oswa
 2. Distrik la gen nenpòt lòt rezon pou panse elèv la pa konpetan nan anglè.
- C. Kòmanse nan semès Prentan 2024 la, Distrik la pral teste gras a WIDA Screener a konfòmeman ak Sek. 2.B. nan yon lekòl primè, yon lekòl segondè premye sik, ak yon lekòl segondè dezyèm sik. Pati yo pral mete yo dakò nan dat 1ye desanm 2023 pou pi ta, sou lekòl primè, lekòl segondè premye sik, ak lekòl segondè dezyèm sik yo chwazi an.
- D. Distrik la pral kontinye fè evalyasyon Konpetans nan Lang Anglè a nan premye 28 jou ane lekòl la. Si yon elèv enskri pandan ane lekòl la, Distrik la ap fè evalyasyon Konpetans nan Lang Anglè a nan yon delè 14 Jou apre enskripsyon elèv la.
- E. Nan yon delè 14 Jou apati de idantifikasiyon an, Distrik la pral elabore pou chak elèv EL ki fèk idantifye yon plan EL ki annakò ak Seksyon 3.E epi I ap bay elèv la tout sèvis EL apwopriye yo ki presize nan plan EL li an epi ki obligatwa dapre Akò sa a. Distrik la pral fè efò an bònfwा pou idantifye chak elèv EL epi pou plase yo nan sèvis yo nan yon delè 30 Jou apati de enskripsiyo yo, si yo enskri nan kòmansman ane lekòl la, epi nan yon delè 21 Jou apati de enskripsiyo yo, si yo enskri pandan ane lekòl la.
- F. Evalyasyon Elèv Ki Pa T Kalifye pou Sèvis EL:
 1. Nan dat 31 mas 2024 pou pi ta, Distrik la pral fè yon egzamen tout elèv ki enskri kounye a nan Distrik la yo te evalye pou sèvis EL pou idantifye tout elèv ki pa t kalifye pou sèvis EL men ke yo pa t evalye pou Konpetans nan Lang Anglè selon estanda ki obligatwa a dapre Seksyon 2.B a.
 2. Nan dat 31 mas 2024 pou pi ta, Distrik la pral fè yon evalyasyon Konpetans nan Lang Anglè ki konfòme li ak Seksyon 2.B pou chak elèv li idantifye gras a egzamen ki dekri nan Seksyon E.1 an, I ap detèmine si li se yon elèv EL epi poutèt sa kalifye pou sèvis EL, I ap elabore yon Plan EL pou elèv sa a, epi I ap bay elèv sa a tout sèvis EL ki apwopriye yo ki presize nan Plan EL Li an epi ki obligatwa dapre Akò sa a.

¹ Distrik la gen dwa evalye Konpetans nan Lang Anglè elèv kindègadenn k ap antre yo nan koute ak pale sèlman pandan semès otòn nan.

**G. Evalyasyon Elèv EL ki Te Soti Twò Bonè nan Sèvis EL yo**

1. Nan dat 31 mas 2024 pou pi ta, Distrik la pral idantifye tout elèv li genyen kounye a ki te soti nan sèvis EL yo san yo pa t respekte kritè soti valid ak fyab Seksyon 3.F la egzije yo.
 2. Nan dat 31 mas 2024 pou pi ta, Distrik la pral evalye chak nan elèv li idantifye yo nan toulè kat domèn lang nan gras a swa WIDA MODEL swa WIDA ACCESS, kèlkeswa evalyasyon Distrik la ka fè pi bonè a, pou detèmine si yo se elèv EL toujou epi poutèt sa kalifye pou sèvis EL.
- H. Distrik la pral enskri nan Pwogram EL La tout elèv li idantifye ki kalifye pou sèvis EL gras a evalyasyon Seksyon 2.E ak 2.F egzije yo. Distrik la ap mete paran tout elèv EL l ap enskri, nan yon lang yo konprann, okouran enskripsyon elèv la nan pwogram EL la, sa pwogram EL la gen ladan, epi l ap bay chans chwazi pa resevwa sèvis yo.



Seksyon 3. Ansèyman ELD ak Ansèyman Abrite

A. Kourikoulòm ak Resous:

1. Distrik la dakò Devlòpman Konesans nan Lang Anglè a se yon matyè debaz pou elèv EL yo. Pou edike elèv EL yo nan ELD, Distrik la pral elabore oswa adopte yon kourikoulòm ELD pou lekòl primè, segondè premye sik, ak segondè dezyèm sik avèk objektik ak sekans ki apwopriye pou elèv EL yo, sa gen ladan elèv EL ki se Nouvo Arivan ak elèv EL ki gen edikasyon fòmèl ki limite oswa ki te sispann, pou yo vin konpetan nan lang anglè a nan yon peryòd tan rezonab. Distrik la pral soumèt tout kourikoulòm li pwopoze yo pou Etazini egzaminen ak apwouve yo nan yon delè 90 jou apati de Dat Antre an Vigè Akò sa a.
 2. Distrik la pral aplike kourikoulòm li chwazi an nan kòmansman an lekòl 2024-2025 la pou pi ta.
 3. Distrik la pral pran an konsiderasyon bezwen elèv EL yo pandan pwosesis egzamen ak adopsyon kourikoulòm ak liv lekòl Matyè Debaz li yo.
 4. Pou mete sou pye pwogram EL li an, Distrik la pral bay resous adekwat, materyèl pedagojik, ak saldeklas/biwo espesyalman pou sa nan tout lekòl ki gen elèv EL enskri ladan yo. Men sa k ap gen nan materyèl yo:
 - a. Materyèl ELP ki apwopriye pou nivo klas elèv EL yo, laj yo, ak nivo Konpetans nan Lang Anglè yo;
 - b. Materyèl Matyè Debaz ki gen eleman oswa sipleman pou EL, materyèl siplemantè pou elèv EL yo ka suiv kou fòmasyon pwofesyonèl yo, ak materyèl nan lang natif natal yo; ak
 - c. Kont teknoloji pou yo ka jwenn materyèl pedagojik yo lakay yo ak nan saldeklas la (paregzanp, aparèy 1:1 pou elèv EL yo si yo bay elèv ki pa EL yo oswa si yo nesesè apa sa pou mete pwogram EL la sou pye).
 5. Nan yon delè 90 Jou apati de Dat Antre an Vigè Akò sa a, Distrik la pral fè envantè materyèl li genyen deja epi revize politik li yo nan zafè chwa liv lekòl ak lòt materyèl pedagojik.
- B. Distrik la pral ofri tout elèv EL yo Devlòpman Konesans nan Lang Anglè anplis lòt matyè debaz yo, sòf si paran elèv la pran yon desizyon lib e libè ak eklere pa ekri pou elèv la pa resevwa sèvis EL yo.
1. Distrik la pral bay kantite ELD minimòm sa a pou pi piti:
 - a. Chak EL pral genyen omwen yon peryòd² ELD pa jou.

² Yon "periyòd" se omwen 30 minit pou EL Kindègadenn jiska 2yèm ane yo epi omwen 45 minit pou EL 3yèm ane jiska 12yèm ane yo.



- b. Elèv EL yo ki gen ELP 1 oswa 2 ap gen omwen de (2) peryòd ELD pa jou, men EL ki nan 3yèm jiska 6yèm ane yo ki gen ELP 1 oswa 2 ap gen omwen 60 minit ELD pa jou epi, lè sa posib, 90 minit ELD pa jou.
 - c. Yo gen dwa entegre peryòd ELD kotidyen elèv EL ki gen yon ELP 4 yo nan peryòd Anglè/Lang ak Literati yo a, si sa apwopriye pou bezwen yo nan lang ak aprantisaj anglè yo.
 - 2. Distrik la gen dwa ofri Devlòpman Konesans nan Lang Anglè nan fason sa yo:
 - a. Yon kou ELD youn nan moun sa yo anseye:
 - i. yon Pwofesè ki Sètifye nan ESOL; oswa
 - ii. yon Pwofesè ki Gen Apwobasyon pou ESOL ki fini ak fòmasyon ki obligatwa dapre Sek. 6.A.2 a.
 - b. Pou elèv EL ki gen yon nivo ELP 4 pou pi piti, yon kou Lang ak Literati Anglè, ke de (2) pwofesè anseye ansanm, pwofesè ELA EL la ansanm ak yon dezyèm pwofesè ki pote ELD klè pou elèv EL yo nan klas la. De (2) pwofesè yo dwe toude fini ak fòmasyon pou anseye ansanm ki obligatwa dapre Sek. 6.A.4 la epi yo dwe gen kont komunikasyon ak tan pou planifye ansanm pou yo ka byen anseye ansanm. Dezyèm pwofesè a ap youn nan sa yo:
 - i. yon Pwofesè ki Sètifye nan ESOL; oswa
 - ii. yon Pwofesè ki Gen Apwobasyon pou ESOL ki fini ak fòmasyon ki obligatwa dapre Sek. 6.A.2 a.
 - 3. Distrik la gen dwa gwoupe elèv EL yo pou Devlòpman Konesans nan Lang Anglè a dapre nivo Konpetans yo nan Lang Anglè nan yon sèl ane oswa vètikalman avèk elèv diferan ane (avèk yon limit de (2) ane konsekitif nan nivo primè). Oubyen, Distrik la gen dwa gwoupe de (2) nivo Konpetans nan Lang Anglè ki konparab ak konsekitif nan yon sèl ane.
 - 4. Distrik la ap konte kou Devlòpman Konesans nan Lang Anglè yo nan egzijans pou gradyasyon yon EL.
- C. Pou garanti elèv EL yo ka patisipe yon fason valab nan ansèyman Matyè Debaz nivo klas yo, Distrik la pral ofri tout elèv EL yo Ansèyman Abrite nan tout kou Matyè Debaz yo. Se yon pwofesè kalifye ki fini fòmasyon ki obligatwa dapre Sek. 6.A.3 a ki pral fè Ansèyman Abrite a.
- D. Distrik la pral kontinye pran dispozisyon pou tout elèv EL yo nan tout lekòl yo entegre ansanm ak elèv ki pa EL yo pou rekreyasyon, lèza, mizik, jimnastik, manje midi, ak bibliyotèk epi pou yo pa separe yo yon fason ki pa nesesè de elèv ki pa EL yo nan lòt kou yo, sa gen ladan kou Matyè Debaz yo, poutèt nivo Konpetans yo nan Lang Anglè, nati sèvis EL yo, ak tan yo pase ak pwogrè yo fè nan sèvis sa yo. Distrik la pral kontinye entegre elèv EL yo avèk elèv ki pa EL yo nan aktivite eskolè yo, aktivite ki paralèl a pwogram nan, ak aktivite ekstra-eskolè yo.

**E. Konsèy pou ELD ak Ansèyman Abrite**

1. Distrik la pral elabore yon zouti pou vizite saldeklas la pou dokimante ak pote kòmantè konstriktif sou jan pwofesè yo sèvi ak ELD ak Ansèyman Abrite pou elèv EL yo. Nan yon delè 60 jou apati de Dat Antre a Vigè Akò sa a, Distrik la pral bay zouti pou vizite saldeklas li pwopoze a pou Etazini egzaminen ak apwouwe. Distrik la pral mete zouti a sou pye rapidman lè li fin resevwa apwobasyon Etazini an.
 2. Distrik la pral egzije pou gen administratè fòme, *gade* Sek. 6.B, ki obsève tout pwofesè elèv EL yo nan lekòl yo omwen yon fwa pa semès pou evalye efikasite jan pwofesè a sèvi ak ELD a (pou pwofesè k ap anseye ELD) oswa Ansèyman Abrite a (pou pwofesè Matyè Debaz yo). Moun k ap fè obsèvasyon an ap sèvi ak zouti pou vizite saldeklas Distrik la epi l ap bay pwofesè li obsève a kòmantè konstrikstif ak endividyalize.
 3. Konseye ESOL Distrik la pral sèvi ak zouti pou vizite saldeklas la pou dokimante kòmantè yo ak sou kisa yo baze kòmantè yo lè y ap fè vizit yo. *Gade* 3.D.7-8.
- F. Distrik la ap sèvi ak kritè objektif, valid, ak fyab sèlman pou fè elèv EL soti nan pwogram EL li an, sa gen ladan evalyasyon valid ak fyab ki apwopriye pou nivo klas la pou Konpetans nan Lang Anglè elèv la nan chak nan kat domèn yo nan lang nan. Nan kad Akò sa a, kritè pou soti eta a egzije yo idantifye nan F.A.C. RSA 6A-6.0903.³

³ Apati de ane lekòl 2022-2023 a, men kritè eta a egzije yo: Yon nòt konbine global 4.0 ak yon nòt 4.0 nan domèn lekti an nan ACCESS, epi (a) pou elèv ki nan 3yèm-9yèm ane, omwen yon 3.0 nan Evalyasyon Estanda Florida a (Florida Standards Assessment, FSA) pou nivo klas yo nan ELA oswa nan FSAA a, (b) pou elèv ki nan 10yèm-12yèm ane, yon nòt nan FSA 10^{yèm} ane a nan ELA, oswa yon nòt nan FSAA a, oswa yon nòt nan FCAT 10^{yèm} ane a nan Lekti, ki kont pou respekte egzijans ki aplikab yo pou gradyasyon oswa yon nòt annakò ekivalan.



Seksyon 4. Konseye ESOL yo

- A. Pou fè sa pi fasil pou pote sèvis EL yo, Distrik la pral elabore yon pòs Konseye ESOL anvan kòmansman ane lekòl 2024-25 la. Konseye ESOL yo pral pran dispozisyon pou elèv EL ki nan lekòl yo ba yo sipèvize yo resevwa ELD ak Ansèyman Abrite apwopriye pou yo ka vin konpetan nan lang anglè nan yon peryòd tan rezonab epi kapab konprann Matyè Debaz yo menm jan ak lòt elèv yo. Konseye ESOL yo pral deziyen sèvis EL ki apwopriye pou chak EL nan lekòl y ap sipèvize a; yo pral kontwole pwogrè elèv EL yo epi, lè sa apwopriye, modifeye kantite ak kalite sèvis EL elèv la resevwa pou EL la ka vin konpetan nan lang lan nan yon peryòd tan rezonab; yo pral fè elèv EL yo soti nan pwogram EL la nan bon moman; yo pral obsève epi konseye pwofesè yo sou kijan pou yo fè ELD ak Ansèyman Abrite; yo pral kodòdone devlòpman pwofesyonèl pou pwofesè yo nan ELD ak nan Ansèyman Abrite epi patisipe ladan; epi yo pral revize ak bay rekòmandasyon pou amelyore jan Distrik la amelyore aplikasyon kourikoulòm ELD li an.
- B. Distrik la pral bay chak Konseye ESOL sipèvize yon seri lekòl presi, epi pran dispozisyon pou chak Konseye ESOL ka rapidman ak kòmsadwa respekte tout egzijans ki nan Seksyon 4.D a pou chak elèv EL, elèv EL posib, ak Ansyen elèv EL ki nan lekòl y ap sipèvize yo. Distrik la pral mete yon Konseye ESOL nan tout lekòl ki gen elèv EL ki enskri ladan yo anvan kòmansman chak ane lekòl oswa, si gen yon elèv EL ki enskri nan mitan ane a, nan yon delè 14 Jou apati de idantifikasyon elèv la kòm EL.
- C. Lè I ap nonmen anplwaye aktyèl li yo oswa anboche nouvo anplwaye pou pòs Konseye ESOL la, Distrik la ap pran an konsiderasyon kalifikasyon sa yo ki nesesè ak preferab:
1. Kalifikasyon Nesesè yo:
 - a. Pèmi anseye san restriksyon;
 - b. Omwen 3 ane eksperyans nan ansèyman;
 - c. Apwobasyon pou ESOL;
 - d. Li demontre konesans nan domèn sa yo:
 - i. teyori aprantisaj dezyèm lang ak devlòpman poliglòt;
 - ii. fonksyon yo ak sou-sistèm yo nan lang;
 - iii. direktiv, pwosesis, ak pwosedi jiridik yo pou elèv EL;
 - iv. pratik ak pwosedi yo pou evalyasyon EL, sa gen ladan evalyasyon nan de (2)/plizyè lang ak evalyasyon entèpretasyon; epi
 - v. itilizasyon kad evalyasyon pou pwofesè yo, sa gen ladan modifikasyon kad yo pou edikatè elèv EL yo;
 - e. Eksperyans travay andedan ak andeò kad WIDA a pou aprantisaj elèv EL la, sa gen ladan estanda ak evalyasyon ELD yo; epi



- f. Angajman nan kòmanse chèche jwenn yon Sètifikasyon ESOL oswa yon Diplòm Metriz nan ESOL/Anglè kòm Dezyèm Lang, oswa nan edikasyon nan de (2) oswa plizyè lang, nan dezan pou pi ta apre anbochaj li.
2. Kalifikasyon Preferab yo:
- a. Yon Diplòm Metriz pou pi piti nan ESOL/Anglè kòm Dezyèm Lang, oswa nan edikasyon nan (2) oswa plizyè lang;
 - b. Li demontre konesans kijan kilti, lang, ras/etnisite, pozisyon sosyo-ekonomik, ak imigrasyon gen konsekans sou eksperyans ak aprantisaj elèv yo;
 - c. Li pale de (2) oswa plizyè lang kouraman;
 - d. Li demontre konesans pratik efikas pou patisipasyon paran LEP yo.
- D. Distrik la pral pote sipò sa yo pou favorize devlòpman pwofesyonèl konseye ESOL yo.
1. Rekonpans finansye ak nan kad pwogram nan (tankou Djòb Tanporè Lòt Kote (Temporary Duty Elsewhere, TDE), alokasyon, ogmantasyon salè, oswa yon konbinezon rekonpans), pou chèche jwenn Sètifikasyon nan ESOL oswa Diplòm Metriz nan ESOL/Anglè kòm Dezyèm Lang, oswa nan edikasyon nan de (2) oswa plizyè lang;
 2. Fòmasyon sou kijan pou konseye pwofesè yo; epi
 3. Èd finansye pou ale chak ane nan omwen yon konferans ki konsantre sou devlòpman pwofesyonèl pou edikatè nan ESOL/Anglè kòm Dezyèm Lang, oswa edikasyon nan de (2) oswa plizyè lang.
- E. Pou lekòl y ap sipèvize yo, chak Konseye ESOL pral dirije Komite EL la nan bagay sa yo:
1. Elaborasyon rapid yon plan EL pou chak EL yo fèk idantifye;
 2. Egzamen chak EL chak trimès, gras a done ak obsèvasyon nan saldeklas, pou detèmine si EL la ap resevwa sèvis EL adekwat pou li vin konpetan nan lang anglè epi konprann ansèyman Matyè Debaz yo yon fason egal ego;
 3. Revizyon ak modifikasyon, lè sa nesesè, plan chak EL omwen chak ane;
 4. Fè elèv EL ki respekte kritè pou soti Distrik la soti nan bon moman nan pwogram EL la;
 5. Omwen yon fwa chak semès pandan omwen de (2) ane apre yo fin soti nan pwogram EL la, fè yon egzamen chak Ansyen elèv EL pou detèmine si elèv la ap fè pwogrè akademik kòmsadwa epi ap patisipe yon fason valab nan pwogram edikasyon nòmal la san sèvis EL yo.
 - a. Pou fè egzamen yon Ansyen elèv EL, Konseye ESOL la ap egzamine done apwopriye yo, sa gen ladan nòt, rapò sou pwogrè, nòt tès nòmalize yo, ak nòt global konbine ak nòt pa domèn nan evalyasyon Konpetans nan Lang Anglè a nan moman soti an.
 - b. Si yon Ansyen elèv EL pa fè bonjan pwogrè akademik, Konseye ESOL la pral konsilte avèk pwofesè ELD elèv la ak pwofesè Matyè Debaz yo pou detèmine si wi ou non echèk sa a ka gen pou kòz yon baryè lang pèsistan nan omwen youn nan domèn yo nan lang nan. Si se sa, Distrik la ap mete paran elèv la okouran, epi ofri sèvis sipò



(paregzanp, lesson), repriz tès pou petèt re-antre nan pwogram EL la, epi (si li re-antre) sèvis EL. Distrik la pral bay elèv la sèvis paran yo aksepte yo.

6. Omwen yon fwa pa semès, egzamine chak elèv EL ki gen paran yo ki te chwazi pa kite elèv la resevwa sèvis EL yo pou detèmine kapasite elèv la pou li patisipe yon fason valab nan pwogram edikasyon nòmal la san sèvis EL yo. Si yon elèv EL ki chwazi pa resevwa sèvis yo p ap pwogrese kòmsadwa, Distrik la pral, nan yon lang paran an konprann, mete paran elèv la okouran epi rekòmande pou paran an chwazi pou elèv la resevwa sèvis EL yo.
 7. Omwen yon fwa pa semès, fè yon vizit nan saldeklas chak pwofesè Matyè Debaz yon EL epi ofri konsèy endividyalize sou jan pwofesè a ka sèvi ak Ansèyman Abrite a pou elèv EL ki nan saldeklas yo a ka konprann Matyè Debaz la. *Gade Seksyon 5.E.*
 8. Omwen yon fwa pa semès, fè yon vizit nan saldeklas chak pwofesè ki fè ELD pou elèv EL yo epi ofri konsèy endividyalize sou ansèyman ELD pwofesè a. *Gade Seksyon 5.E.*
- F. Chak Plan EL pral presize sipò lengwistik ak sèvis EL Distrik la pral bay elèv EL La. Chak Plan EL pral respekte sèvis ak sipò minimòm sa yo:
1. Elèv EL la pral resevwa Ansèyman Abrite ki apwopriye pou nivo Konpetans nan Lang Anglè elèv la, *gade Sek. 4.C*, nan tout kou Matyè Debaz yo.
 2. Elèv EL la pral resevwa kantite ELD ki nesesè a pou fè pwogrè kòmsadwa nan vin konpetan nan lang anglè nan yon kantite tan rezonab. Kantite ELD yo ba li an ap respekte omwen egzijans minimòm ki nan Seksyon 3.B a.



Seksyon 5. Sèvis Edikasyon pou Elèv Eksepsyonèl pou Elèv EL yo

- A. Tout kondisyon ki nan Akò sa a valab menm jan an pou elèv EL ki gen andikap yo.⁴ Pa gen okenn elèv EL ki gen andikap y ap refize bay sèvis EL senpleman poutèt nati oswa gravte andikap elèv la; ni yo p ap refize bay sèvis Edikasyon pou Elèv Eksepsyonèl poutèt sitiyasyon EL elèv sa a. Distrik la ap mete paran elèv EL ki gen andikap yo okouran pa ekri nan yon lang yo konprann ke pitit yo a gen dwa a ni sèvis EL ni sèvis Edikasyon pou Elèv Eksepsyonèl.
- B. Distrik la pral elabore yon politik sou kijan pou kore elèv EL yo nan ni pwosesis Sistèm Sipò a Plizyè Nivo (Multi-Tiered System of Supports, MTSS) Distrik la ni evalyasyon pou sèvis Edikasyon pou Elèv Eksepsyonèl la. Distrik la pral soumèt politik li pwopoze a pou Etazini egzaminen ak apwouve li nan yon delè 120 jou apati de Dat Siyati an. Politik la dwe respekte kritè sa yo pou pi piti:
1. MTSS:
 - a. Entèvansyon yo dwe baze sou rezulta evalyasyon bezwen elèv EL yo nan langaj ak konpetans, yon fason ki apwopriye pou nivo devlopman yo.
 - b. Entevansyon Distrik la pou elèv EL yo dwe baze sou prèv epi reponn nan plan kiltirèl ak lengwistik a bezwen san parèy elèv EL yo.
 - c. Tout desizyon sou èske wi ou non y ap bay oswa modifye entèvansyon yo pou yo elèv EL ki gen difikilte nan etid oswa nan konpòtman ap gen ladan patisipasyon pwofesè ki fè ansèyman ELD pou elèv la; Konseye ESOL EL la; yon sikològ eskolè bileng; ak tout espesyalis dyagnostik oswa òtofonis/òtofonis bileng ki konsène. Si yon sikològ eskolè pa kapab patisipe nan desizyon an, sikològ eskolè ki konsène a pral konsilte avèk sikològ eskolè bileng nan anvan li patisipe nan desizyon an epi l ap dokimante rekòmandasyon sikològ eskolè bileng nan.
 - d. Distrik la pral mete sou pye entèvansyon ki pran devan ki fèt pou idantifye si èske wi ou non difikilte nan etid oswa nan konpòtman yon EL se poutèt yon baryè lang oswa yon lòt kòz. Distrik la pral mete entèvansyon sou pye lè li idantifye pwoblèm aprantisaj la(yo), menm jan sa fèt pou elèv ki pa EL, epi li p ap konte sou peryòd atant sèlman pou pran desiyzon sa a.
 2. Sèvis Edikasyon pou Elèv Eksepsyonèl:

⁴ Distrik la pral ofri sèvis EL yo konfòmeman ak Akò sa a pou elèv EL ki gen andikap yo sòf si Distrik la resevwa yon renonsyasyon valid nan men paran elèv la oswa nan ka ra, ekip Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) elèv EL la detèmine epi dokimante nan IEP elèv la ke andikap elèv EL la tèlman grav li pa t ap rezonab pou panse elèv EL la ap janm kapab itilize oswa konprann langaj. Yo dwe mete paran elèv EL la okouran pa ekri ak avivwa de desizyon pa ofri sèvis EL yo, pase pa Entèprèt ak Tradiktè Kalifye, nan yon lang yo konprann.



- a. Distrik la p ap retade evalyasyon kalifikasyon elèv EL yo pou sèvis Edikasyon pou Elèv Eksepsyonèl poutèt baryè lang yon EL.
 - b. Lè l ap evalye yon elèv EL pou sèvis Edikasyon pou Elèv Eksepsyonèl, Distrik la pral sèvi avèk pratik evalyasyon valid ak fyab ki annakò ak estanda pratik nasyonal yo.⁵
 - c. Distrik la ap pran dispozisyon pou ekip Pwogram Edikasyon Endividyalize yo (Individualized Education Program, IEP) pran an konsiderasyon bezwen nan lang elèv EL ki gen andikap yo poutèt bezwen sa yo gen pou wè ak IEP yo. Tout reyinyon ekip IEP ak Seksyon 504 ki gen pou wè ak desizyon sou kalifikasyon pou sèvis Edikasyon pou Elèv Eksepsyonèl, ak desizyon sou sèvis Edikasyon pou Elèv Eksepsyonèl yo oswa chanjman nan yo, oswa ak re-evalyasyon yon elèv EL ki gen yon andikap, ap gen ladan yo patisipasyon pwofesè ki fè ELD pou elèv la. Pou tout lòt reyinyon ekip IEP ak Seksyon 504, Distrik la pral pran dispozisyon pou lekòl yo jwenn omwen opinyon pwofesè ELD a si pwofesè a pa kapab vini nan reyinyon an.
 - d. Pa gen okenn manm nan Ekip IEP oswa 504 yon elèv, menm youn ki respekte kalifikasyon yon Entèprèt Kalifye, ki gen dwa ofri sèvis entèpretasyon nan yon reyinyon ekip IEP oswa 504 an menm tan li fè pati Ekip elèv sa a.
3. Distrik la pral pran dispozisyon pou yo sèvi ak Entèprèt ak Tradiktè Kalifye lè y ap konsidere elèv EL pou referans posib pou evalyasyon epi lè y ap evalye yo, pou anlwaye Distrik la ka rasanble kòmsadwa ak kòrèkteman enfòmasyon enpòtan sou yon elèv EL, poze yon elèv EL kesyon, evalye yon elèv EL, epi kominike ak paran LEP.
 4. Distrik la pral rezève lè presi, omwen chak semèn, pou Anplwaye ki responsab mete sou pye bi ak objektif IEP pou elèv EL yo ka rankontre ak egzaminen pwogrè EL la, planifye entèvansyon, ak kowòdone sèvis.

⁵ Distrik la dakò Asosyasyon Nasyonal pou Sikològ Eskolè a (National Association for School Psychologists) ak Asosyasyon Sikològ Eskolè Ameriken an (American School Psychologists Association) reprezante estanda pratik nasyonal yo pou pratik evalyasyon valid ak fyab.



Seksyon 6. Devlòpman Pwofesyonèl

- A. Distrik la pral elabore yon plan devlòpman pwofesyonèl ànyèl obligatwa ki pral bay tout pwofesè elèv EL yo bonjan fòmasyon pou respekte egzijans pou ansèyman yo ki nan Akò sa
- a. Gade Sek. 4. Nan yon delè 90 jou apati de Dat Siyati Akò a, Distrik la pral bay plan li pwopoze a pou Etazini egzaminen ak apwouve.
1. Egzijans Jeneral yo:
 - a. Plan devlòpman pwofesyonèl la pral bay pwofesè yo metòd pedagojik pratik ki apwopriye pou elèv EL y ap anseye yo.
 - b. Tout fòmasyon yo ap egzije mezi pou rann kont, tankou tès nan fen modil, sesyon an pèsonn ak an dirèk, ak obsèvasyon ak kòmantè sou saldeklas, ki fèt pou favorize angajman pwofesè a ak aplikasyon metòd pedagojik pou EL yo nan saldeklas la.
 - c. Tout fòmasyon yo ap gen ladan yo kont chans pou bay egzanp, pratike, ak resevwa kòmantè sou metòd pedagojik pou EL y ap anseye yo.
 - d. Distrik la pral fòme pwofesè yo sou tout kourikoulòm ak materyèl ki gen pou wè ak EL yo anvan yo mete sou pye kourikoulòm yo oswa materyèl yo epi apre sa yon fason kontini.
 - e. Kou sa posib pandan ane lekòl 2023-24 la epi apre sa chak ane anvan kòmansman chak ane lekòl, Distrik la pral fòme tout pwofesè elèv EL yo sou kijan pou sèvi ak materyèl pedagojik pou elèv EL yo.
 2. Egzijans Devlòpman Pwofesyonèl yo pou Pwofesè ki gen Apwobasyon pou ESOL k ap anseye ELD: Plan devlòpman pwofesyonèl ELD Distrik la pral rafrechi pwofesè yo sou metòd pedagojik pou EL yo epi l ap fòme pwofesè yo sou kijan pou bay ansèyman ELD epi, si Distrik la chwazi ofri ELD entegre, sou kijan pou entegre ELD nan ansèyman Anglè/Lang ak Literati nan nivo ane a. Pou akonpli bi sa a, plan pwofesyonèl la pral prepare pwofesè yo pou fè bagay sa yo:
 - a. Sèvi an nivo konpetans nan lang anglè elèv EL yo epi ekri objektif nan lang ki apwopriye nan toulè kat domèn yo nan lang nan;
 - b. Chwazi pami yon evantay metòd pedagojik pou EL pou akonpli objektif nan lang yo;
 - c. Evalye si wi ou non elèv yo ap reyalize objektif sa yo nan lang nan gras a evalyasyon pandan aprantisaj ak evalyasyon somatif;
 - d. Anseye karakteristik san parèy ki genyen nan lang akademik lan, sa gen ladan sentaks, gramè, mòfoloji, ak vokabilè, pou elèv yo ka konprann matyè Debaz espesifik; epi
 - e. Rekonèt diferans ki genyen ant ansèyman nan ELD ak Ansèyman Abrite.
 3. Egzijans Devlòpman Pwofesyonèl yo pou Pwofesè Matyè Debaz elèv EL yo ak Pwofesè elèv EL ki Gen Apwobasyon pou ESOL yo ki p ap fè ELD: Plan devlòpman Pwofesyonèl Distrik la nan Ansèyman Abrite pral rafrechi ak fòme pwofesè yo sou Ansèyman Abrite



pou elèv EL yo. Pou akonpli bi sa a, plan devlòpman pwofesyonèl la pral prepare pwofesè yo pou fè bagay sa yo:

- a. Planifye, pote, ak adapte matyè a pou elèv EL yo nan kontèks planifikasyon, ansèyman, ak evalyasyon leson an dapre estanda yo.
 - b. Aplike metòd pedagojik efikas pou itilize nan Ansèyman Abrite pou elèv EL yo epi favorize devlòpman konesans yo nan lang anglè nan toulè kat domèn yo nan lang nan.
4. Ko-Ansèyman: Tout pwofesè ki gen lentansyon anseye Lang ak Literati Anglè ak ELD ansanm ap toudabò suiv fòmasyon avèk kòlèg ko-ansèyman yo a sou kijan pou byen anseye ansanm. Fòmasyon sou ko-ansèyman an ap an tan reyèl oswa an dirèk.
5. Distrik la ap soumèt pou Etazini egzaminen ak apwouve tout materyèl fòmasyon yo omwen 90 jou anvan sesyon fòmasyon kote yo pral sèvi ak materyèl sa yo.
- B. Distrik la pral bay tout administratè lekòl yo fòmasyon ànyèl sou responsabilite yo selon Akò sa a, sou kijan pou idantifye ak kore metòd ELD ak Ansèyman Abrite ki bay rezulta nan saldeklas la ak sou kijan pou sèvi ak zouti Distrik la pou vizite saldeklas la pou elèv EL yo.
- C. Distrik la pral fòme tout anplwaye yo pou yo gade ki lang yon paran pi pito anvan yo pwograme reyinyon ak paran yo epi voye komunikasyon ekri pou paran LEP yo. Pandan fòmasyon sa a, Distrik la pral eksplike kijan pou mande Entèprèt Kalifye epi jwenn trandiksyon kòrèk nan men Tradiktè Kalifye pou Enfòmasyon Esansyèl yo nan lòt lang.
- D. Distrik la pral kontinye fè fòmasyon ànyèl pou tout pèsonèl k ap patisipe nan pwosesis enskripsyon an sou politik ak pwosesdi li yo pou idantifikasiyon ak plasman EL yo, sa gen ladan sa ki obligatwa yo dapre Akò sa a.



Seksyon 7. Kominikasyon

- A. Pou idantifye paran LEP ki bezwen asistans nan lang, Distrik la pral mande paran yo pou yo endike nan kesyonnè sou lang yo pale lakay yo a si wi ou non yo bezwen kominikasyon ak lekòl la epi ak distrik la nan yon lang ki pa anglè gras a entèprèt ak tradiksyon. Distrik la pral kontinye mete enfòmasyon sou bezwen paran yo nan lang fasilman aksesib pou administratè yo ak pwofesè yo nan sistèm enfòmasyon sou elèv la.
- B. Distrik la pral redije yon deklarasyon ki eksplike ke asistans nan lang disponib epi kijan pou mande entèprèt oswa tradiksyon. Distrik la pral tradui deklarasyon an nan lang paran LEP yo pale lepli souvan epi mete deklarasyon an, nan tout lang li tradui yo, nan kote sa yo:
1. nan dosye enskripsyon an;
 2. sou sit entènèt pou enskripsyon anliy li an, sou paj dakèy Distrik la, ak sou sit entènèt chak lekòl; epi
 3. I ap afiche li kote pou tout moun wè nan biwo resepsyon chak nan lekòl li yo, ak nan tout lòt kote piblik kote paran yo enskri elèv nan lekòl Distrik la.
- C. Distrik la dakò pou fè paran LEP yo jwenn enfòmasyon sou lekòl li bay lòt paran yo konsa:
1. Pou kominikasyon ekri sou Enfòmasyon Esansyèl yo:
 - a. Tradiktè Kalifye ap tradui kòrèkteman avi oswa dokiman ki gen Enfòmasyon Esansyèl yo distribye nan nivo Distrik la oswa nan nivo lekòl la nan Lang prensipal yo nan Distrik la, epi Distrik la ap distribye avi ak dokiman tradui yo rapidman bay paran LEP ki pale lang sa yo.
 - b. Pou paran ki pale lang ki pa Lang Prensipal yo, Distrik la pral sèvi ak Tradiktè Kalifye oswa Entèprèt Kalifye pou kominike rapidman sa ki ekri nan avi oswa dokiman sa yo bay paran sa yo nan yon lang yo konprann, keseswa sou demann oswa si nesesite pou asistans nan lang nan vin klè pou Distrik la.
 2. Pou kominikasyon avivwa sou Enfòmasyon Esansyèl yo: Yon Entèprèt Kalifye ap kominike avivwa Enfòmasyon Esansyèl yo nan yon lang paran an konprann san reta itilil.
 3. Sou Demann Paran an: Distrik la pral ofri entèpretasyon oswa tradiksyon ekri kòrèk pou lòt enfòmasyon ki gen pou wè ak lekòl soti nan men yon Entèprèt Kalifye oswa yon Tradiktè Kalifye lè li fin resevwa demann pou enfòmasyon sa yo nan men yon paran LEP.
- D. Tout entèprèt ak tradiktè Distrik oswa lekòl la itilize se ap Entèprèt Kalifye ak Tradiktè Kalifye. Eksepte nan ka ijans, Distrik la p ap sèvi ak ni elèv, ni fanmi ni zanmi paran LEP yo, ni li p ap sèvi ak Google Translate pou entèpretasyon dokiman Distrik la oswa lekòl la redije ni pou okenn lòt sèvis tradiksyon oswa entèpretasyon. Si gen yon ijans epi pa gen ni Entèprèt Kalifye ni Tradiktè Kalifye ki disponib, Distrik la ap fè suivi avèk paran an rapidman pou kominike enfòmasyon sa yo pase pa yon Entèprèt Kalifye oswa yon tradiksyon kòrèk ki



soti nan men yon Tradiktè Kalifye. Si pèsonèl anseyan an ofri sèvis Tradiktè Kalifye oswa Entèprèt Kalifye, Distrik la ap pran dispozisyon pou responsabilite sa yo pa jennen responsabilite pèsonèl la nan ansèyman ak kontwòl nan sa ki gen pou wè ak elèv EL aktyèl yo ak sa ki Ansyen yo.

- E. Departman EL Distrik la pral elabore materyèl ekri ki bay paran yo enfòmasyon klè, kòrèk ak ajou sou pwogram EL la, sa gen ladan, pami lòt bagay:

1. Kantite ansèyman ELD yo bay chak jou;
2. Èske wi ou non yo fè ELD a nan klas, andeyò saldeklas la, nan yon klas pou EL sèlman, oswa selon yon modèl ko-ansèyman; epi
3. Èske wi ou non kou yo nan pwogram EL la konte kòm kredi debaz oswa kòm opsyon nan egzijans pou gradyasyon yo.

Distrik la ap bay tout paran yo materyèl sa yo, nan yon lang paran an konprann, anvan yo plase ptit yo a pou premye fwa nan pwogram EL la. Distrik la pral ofri yon Entèprèt Kalifye pou eksplike paran LEP yo pwen (1)-(3) ki pi wo la a.

- F. Pou ede tout lekòl yo nan komunikasyon avèk paran LEP yo, Distrik la pral:

1. Anboche yon sèvis entèpretasyon nan telefòn;
2. Bay chèf etablisman yo yon lis non, lang, adrès biling, ak kowòdone tout anplwaye nan Distrik la, travayè endepandan, ak lòt moun ki se Tradiktè Kalifye ak Entèprèt Kalifye. Chèf etablisman yo pral kenbe lis la nan yon kote santral nan lekòl yo epi y ap pran dispozisyon pou pèsonèl la ka konnen kijan pou li jwenn lis la.
3. Ajoute politik ak pwosedi ki gen pou wè ak jwenn Tradiktè Kalifye ak Entèprèt Kalifye, nan fòmasyon ànyèl Distrik la pou administratè yo ak pwofesè yo.
4. Pran dispozisyon pou anplwaye nan lekòl yo, Konseye ESOL yo, pwofesè yo, ak nenpòt lòt anplwaye Distrik la ki responsab kominike avèk Paran LEP yo sou seleksyon, enskripsyon, sèvis EL, ak lòt Enfòmasyon Esansyèl pou elèv EL yo, jwenn aksè dirèk a itilizasyon sèvis entèpretasyon nan telefòn Distrik la epi resevwa fòmasyon apwopriye sou sa.

- G. Kontwòl Distrik la sou Demann Tradiksyon ak Entèpretasyon yo:

1. Dokimantasyon ak Kontwòl Demann Tradiksyon/Entèpretasyon yo:
 - a. Distrik la pral elabore yon pwosesis pou dokimante elektwonikman ak yon fason santralize chak demann tradiksyon oswa entèpretasyon.
 - b. Pwosesis la ap gen ladan dokimantasyon enfòmasyon sa yo pou chak demann: (1) lekòl; (2) lang; (3) dat; (4) tip (paregzanp, avi pou paran, entèprèt pou reyinyon IEP); (5) èske wi ou non yo te reponn demann nan, ak dat la; (6) epi si yo te refize demann nan, rezon refi an.
 - c. Distrik la pral fè odit, omwen chak ane, sou èske wi ou non anplwaye li yo ap dokimante kòmsadwa demann tradiksyon ak entèpretasyon yo ak èske wi ou non anplwaye li yo ap reponn demann sa yo kòmsadwa ak rapidman.



Depatman Lajistis Etazini

Divizyon Dwa Sivil

Biwo Pwokirè Etazini an

Distrik Santral Florida



2. Envantè Dokiman ki Tradui yo:

- a. Distrik la ap kebne yon envantè kòrèk ak ajou de dokiman ki tradui pou Distrik la ak pou lekòl yo, epitou de enstriksyon yo pou mande tradiksyon lòt dokiman.
- b. Distrik la pral kontinye elaji envantè a pou ajoute tradiksyon sou enfòmasyon esansyèl nan nivo Distrik la an nan nivo lekòl yo.
- c. Distrik la pral bay anplwaye biwo santral la ak anplwaye lekòl yo aksè elektwonik a envantè dokiman ki tradui yo.



Seksyon 8. Kontwòl ak Evalyasyon Pwogram nan

- A. Distrik la pral kontinye kenbe yon sistèm enfòmasyon sou elèv ki anrejistre, pou chak elèv ki se EL kounye a oswa ki se Ansyen EL, repons kesyonnè sou lang yo pale lakay elèv la; èske wi ou non paran an bezwen tradiksyon, entèprèt oswa toude; fòmilè sou antesedan fanmi an; premye evalyasyon elèv la ak nivo elèv la nan evalyasyon ànyèl li yo nan Konpetans nan Lang Anglè nan tout domèn yo ak enfòmasyon ki gen pou wè ak evalyasyon an; epi ki sèvis ELD ak akomodasyon presi elèv la resevwa.
- B. Distrik la pral kenbe elektwonikman nan dosye eskolè pèmanan chak elèv ki se EL kounye a oswa ki se Ansyen EL tout ansyen Plan EL elèv la.
- C. Distrik la pralkontwole pou wè si tout lekòl ki enskri elèv EL konfòme yo ak Akò sa a. Nan objektif sa a, Distrik la pral elabore ak aplike pwosedi odit nan lekòl yo pou evalye kalite ak efikasite pwogram EL la nan chak lekòl ki enskri elèv EL ak nan tout Distrik la, baze sou sèvis pou elèv yo, Konpetans nan Lang Anglè ak rezulta akademik elèv yo, evalyasyon pwofesè yo, ak distribisyon pesonèl la ak resous yo. Pwosedi odit nan lekòl yo ap egzije pou yon administratè nan chak lekòl kontwole ke chak elèv resevwa kantite ak tip sèvis apwopriye yo epi fè pwogrè akademik.
- D. Distrik la pral evalye efikasite chak pwogram EL pou detèmine si wi ou non y ap simonte baryè lang elèv yo nan yon peryòd tan rezonab epi pèmèt elèv EL yo patisce yon fason valab ak egal ego nan tout pwogram pedagojik Distrik la.
1. Distrik la dakò pou li fè yon analiz kowòt repete de pwogram EL li an nan nivo primè, segondè premye sik ak segondè dezyèm sik gras a divizyon ak kontwòl done sa yo pa elèv ki EL kounye a, ki se ansyen EL, oswa ki pa t janm EL: nòt tès nòmalize, to soti, kantite ane nan pwogram EL La, to abandònman, to gradyasyon, to elev ki double klas, evalyasyon Konpetans nan Lang Anglè, ak enskripsyon nan pwogram edikasyon espesyal ak anrichisman (paregzanp, kou pou elèv ki dwe, kou espesyalize, ak kou Nivo Avanse). Lè l ap fè analiz sa a, Distrik la pral suiv yon kowòt elèv EL ki te enskri nan kindègadenn, twazyèm ane, sizièm ane, ak nevyèm ane nan ane lekòl 2024-25 la epi ki rete enskri nan Distrik la pandan dire Akò sa a. Distrik la pral sèvi ak rezulta analiz repete li an, ki gen kòm dènye delè 30 jen 2028, pou pote enfòmasyon pou pran desizyon sou pwogram EL la epi garanti efikasite chak pwogram EL.
 2. Distrik la dakò pou li enkòpore data kantitatif chak ane nan evalyasyon li an de efikasite pwogram EL Li an, gras a omwen (a) yon kesyonnè sou satisfaksyon paran EL yo ak paran LEP yo nan yon lang yo konprann, avèk bonjan sipò sansibilizasyon, entèpretasyon, ak tradiksyon pou repons yo ka rezante kominote paran LEP a, sa gen ladan moun ki pale lang ou pa jwenn souvan ak paran ki pa konn li; ak (b) gwoup diskisyon oswa kesyonnè pou pwofesè elèv EL yo pou evalye efikasite kou ELD ak



Ansèyman Abrite Distrik la, jan yo mete yo sou pye, ak fason pou amelyore ansèyman an pou elèv EL yo.

- E. Chak ane, Distrik la pral re-evalye si plan devlòpman pwofesyonèl yo adekwat, jan Seksyon 6 la egzije li, nan kad kontwòl ak evalyasyon efikasite pwogram EL yo nan lekòl li yo. Re-evalyasyon an ap gen ladan evalye, gras a obsèvasyon ak vizit nan saldeklas, si wi ou non pwofesè yo ap fè Ansèyman Abrite ak ELD yon fason adekwat ak apwopriye pou elèv EL yo epi èske wi ou non elèv EL yo ap pwogrese nan vin konpetan nan anglè. Si Distrik la swete modifye yon plan devlòpman pwofesyonèl oswa pwogram EL Li an, Distrik la ap mete Etazini okouran rapidman epi l ap kòmanse diskisyon pote kole sou modifikasyon li pwopoze yo nan plan devlòpman pwofesyonèl la oswa nan pwogram EL yo. Distrik la dwe resevwa apwobasyon Etazini anvan li adopte kèlkeswa modifikasyon an nan yon plan devlòpman pwofesyonèl oswa nan pwogram EL la.
- F. Kowòdonatè Konfòmite:
1. Distrik la pral deziyen yon anplwaye k ap prensipalman responsab kowòdone konfòmite Distrik la ak lekòl li yo ak Akò sa a ("Kowòdonatè Konfòmite a"). Kowòdonatè Konfòmite a ap gen kont resous ak otorite sou chèf etablisman yo, lekòl yo, ak Depatman ki konsène yo nan Distrik la pou li ka egzèse responsabilite sa yo.
 2. Distrik la ap bay avoka Etazini an non ak kowòdone Kowòdonatè Konfòmite li an nan yo delè sèt Jou apati de Dat Antre an Vigè Akò sa a.
 3. Distrik la ap avèti avoka Etazini an nan yon delè 14 Jou si li chanje Kowodonatè Konfòmite li an.



Depatman Lajistis Etazini

Divizyon Dwa Sivil

Biwo Pwokirè Etazini an

Distrik Santral Florida



Seksyon 9. Rapò

- A. Anplis tout egzijans sou rapò ki pi wo la a, Distrik la pral bay Etazini rapò konfòmite ànyèl nan fòma elektwonik. Rapò sa yo, ki dekri nan Apendis A ak B, ap gen pou dènye delè 15 jen ak 15 novanm chak ane. Si gen enfòmasyon obligatwa ki disponib nan yon dokiman Distrik la deja prepare pou konfòme li ak lwa oswa règleman federal oswa lwa oswa règleman eta a, Distrik la gen dwa ajoute dokiman an nan rapò li an epi endike seksyon nan rapò a dokiman an aplike pou li.
- B. Distrik la ap avèti Etazini de tout gwo chanjman oswa ajoutman li pwopoze nan pwogram EL li yo. Si Etazini pa dakò, l ap fè Distrik la konn sa pa ekri nan yon delè 60 Jou.



Seksyon 10. Aplikasyon

- A. Distrik la pral, pou dire Akò sa a, prezève ak kenbe tout dosye ak dokiman, sa gen ladan tout enfòmasyon ki konsève elektwonikman, ki sèvi pou ranmase rapò nou pale de yo pi wo a, ak tout lòt dokiman ki gen pou wè ak konfòmite li ak Akò sa a. Distrik la ap bay Etazini enfòmasyon sa yo sou demann.
- B. Distrik la dakò bay done ak lòt enfòmasyon rapidman konfòmeman ak egzijans sou rapò ki nan Akò sa a. Anplis de sa, Distrik la konprann Etazini, pase pa reprezantan li yo ak nenpòt konsiltan oswa espè li gen dwa anboche, gen dwa, avèk preyavi rezonab, pou li fè vizit sou plas (an pèsonn oswa a distans), poze pèsonèl la kesyon (an pèsonn oswa a distans), obsève jan devlòpman pwofesyonèl la fèt (an pèsonn oswa a distans), epi mande rapò, enfòmasyon, oswa done anplis sa yo si sa nesesè pou Etazini kontwole si Distrik la konfòme li ak Akò sa a ak EEOA a. Distrik la pral mete rapò, enfòmasyon ak done yo mande yo disponib pou Etazini pou li ka li yo nan yon delè 30 Jou. Annakò avèk lwa federal la ak règ ki aplikab yo nan zafè konduit pwofesyonèl, Etazini gen dwa pale dirèkteman tou, san avoka Distrik la, avèk anplwaye Distrik la ki (a) pa administratè avoka Distrik la reprezante, epi ki (b) gen bagay k ap trakase yo oswa enfòmasyon pou bay Etazini sou obligasyon Distrik la selon EEOA a ak Akò sa a. Etazinin gen dwa evalye konfòmite Distrik la ak Akò sa a epi ak EEOA a tou gras a tès aksè a lang nan nenpòt nan lekòl Distrik la oswa nan nenpòt biwo Distrik la ki sèvi piblik la.
- C. An konsiderasyon siyati Akò sa a, Etazini p ap pran lòt mezi pou fòse aplikasyon nan sa ki gen pou wè ak envestigasyon sa a ni li p ap entante aksyon sivil ki akize gen vyolasyon EEOA a baze sou konklyzon envestigasyon Etazini an, eksepte jan sa prevwa nan Seksyon 10.D.
- D. Distrik la konprann ak rekonèt, nan ka Distrik la ta vyole Akò sa a, Etazini gen dwa kòmanse pwosedji jidisyè pou aplike EEOA a ak angajman ak obligasyon presi Distrik la selon Akò sa a, men a kondisyon pou Pati yo toudabò dakò pou negosye an bònfw a pou rezoud vyolasyon an pandan 30 Jou oswa jiskaske yo rive nan yon enpas. Si yo panse gen nenpòt pati nan Akò sa a ki pou kèlkeswa rezon an, pa valab, ilegal, oswa pou yon lòt rezon yon tribal konpetan pa ka aplike li, desizyon sa a p ap gen konsekans sou validite okenn lòt pati nan Akò sa a. Pati yo pral rankontre nan yon delè 15 Jou apre desizyon yon tribal pou detèmine si wi ou non Akò sa a dwe revize oswa konplete an repons a desizyon tribal la.
- E. Distrik Lekòl Konte Clay la, ak administratè li yo ak nenpòt siksesè administratè li yo nan egzèsis fonksyon yo; manm ak nenpòt siksesè manm Konsèy Lekòl Konte Clay la, ap gen obligasyon devan lalwa pou respekte Akò sa a. Distrik la konprann ak rekonèt Akò sa a pa libere Distrik la de obligasyon li selon EEOA a oswa selon lòt lwa federal. Etazini, annakò ak responsabilite li pou fè aplike EEOA a, gen dwa pou li envestige epi, lè sa apwopriye, kòmanse pwosedji jidisyè konsènan nenpòt vyolasyon EEOA a yo akize Distrik la komèt nan



lavni.

- F. Akò sa a ap rete an vigè jiska 90 Jou apre Distrik la fin soumèt rapò ànyèl final li an ak etid repete li an nan dat 30 jen 2028. Etazini pral mete Distrik la okouran tout objeksyon sou zafè konfòmite ki genyen nan yon delè 90 Jou apre li fin resevwa ni rapò final la ni etid ki fèt la.
- G. Pati yo gen dwa, sou akò ekri youn ak lòt, amande Akò sa a poutèt chanjman sikonstans ak/oswa pou amelyore jan yo bay elèv EL yo sèvis yo. Nenpòt nan Pati yo gen dwa soumèt pa ekri yon pwopozisyon pou kòmanse negosyasyon yo ak yon eksplikasyon chanjman sikonstans ki pwopoze a. Pati yo pral negosye an bònawa kondisyon ki okipe bezwen elèv EL yo, an konfòmite ak EEOA a, nan yon mannyè ki fezab pou Distrik la aplike.
- H. Siyati sa yo ki annapre a endike Pati yo dakò kondisyon Akò sa a, k ap an vigè apati de lè yo chak siyen li. Reprezantan Distrik la, lè li siyen dokiman sa a, bay asirans reprezantan an gen otorite pou li angaje Distrik la, sa gen ladan siksesè manm Konsèy Lekòl Distrik la ak siksesè administratè yo, pou dire Akò a.



SIYATI PATI YO NAN AKÒ A

Pou Distrik Lekòl Konte Clay la:

DAVID BROSKIE
Direktè Anseymen
Distrik Lekòl Konte Clay
900 Walnut Street
Green Cove Springs, FL 32043
david.broskie@myoneclay.net

Dat: _____

Pou Etazini:

ROGER B. HANDBERG
Avoka Etazini
Distrik Santral Florida

YOHANCE A. PETTIS
Chèf Adjwen, Divizyon Sivil
Distrik Santral Florida
400 North Tampa Street
Suite 3200
Tampa, FL 33602
(813) 274-6000
Yohance.Pettis@usdoj.gov

Dat: _____

KRISTEN CLARKE
Pwokirè Jeneral Adjwen

SHAHEENA A. SIMONS, Avoka an Chèf
JONATHAN D. NEWTON, Avoka an Chèf Adjwen
NATACHA Y. LAM, Avoka Pledan
ZAHRAA B. ZALZALA, Avoka Pledan
Seksyon Opòtinité Edikatif
Divizyon Dwa Sivil
Depatman Lajistis Etazini
150 M Street NE, 10th Floor
Washington, DC 20002
(202) 514-4092
Natacha.Lam@usdoj.gov

Dat: _____



APENDIS A

Dènye delè yo: 15 novanm ak 15 jen

(Tout enfòmasyon yo dwe reflete ane lekòl ki ankou a)

A-1. Kesyonnè sou Lang Yo Pale Lakay	<p>Yon fèy kalkil ki gen kantite elèv, pa nivo klas ak lang (sa vle di, lang prensipal oswa lang yo pale lakay yo ki endike sou kesyonnè sou lang yo pale lakay yo a):</p> <p>(a) ki gen kesyonnè sou lang yo pale lakay yo ki te endike se yon lang ki pa anglè yo pale lakay elèv la oswa elèv la pale; (b) ki gen paran yo ki te mande tradiksyon; (c) ki gen paran yo ki te mande entèpretasyon; (d) ki te fè evalyasyon Konpetans nan Lang Anglè; (e) yo te idantifye kòm EL baze sou yon evalyasyon Konpetans nan Lang Anglè; (f) ki gen paran yo ki te chwazi pou yo pa resevwa sèvis EL yo.</p> <p>Si gen yon eka ant kantite yo rapòte nan A-1(a) ak nan A-1(d), bay yon eksplikasyon detaye sou diferans la.</p>
A-2. Enfòmasyon sou Sèvis yo pa Elèv	<p>Yon fèy kalkil avèk enfòmasyon sa yo pou chak gress EL Aktyèl:</p> <p>(a) Nimewo idantifikasyon elèv la; (b) Lekòl; (c) Nivo klas; (d) Lang (sa vle di, lang prensipal oswa lang yo pale lakay li ki endike nan kesyonnè sou lang yo pale lakay la); (e) Sitiyasyon EL (sa vle di, aktyèl, Ansyèn, Chwazi pa resevwa sèvis yo); (f) Nivo Konpetans nan Anglè; (g) IEP/504 (W oswa N; si se W endike andikap prensipal la); (h) Dwe Akademikman oswa Entelekyèlman (W oswa N); (i) Kantite ane depi yo idantifye li kòm EL; (j) Dat Li Soti (si sa aplikab); (k) Dat Li Re-Antre (si sa aplikab)</p> <p>(l) Kantite minit ansèyman ELD pa jou; (m) Non pwofesè ELD a(yo); (n) Èske wi ou non pwofesè ELD a(yo) Sètifye nan ESOL, gen Apwobasyon pou ESOL, fini ak egzijans 300 èdtan li(yo) an, oswa sou chimen fini egzijans 300 èdtan li(yo) an; (o) Non pwofesè a ak matyè a pou chak kou matyè debaz; epi (p) Pou chak kou matyè debaz, èske wi ou non pwofesè matyè debaz la Sètifye nan ESOL, gen Apwobasyon pou ESOL, fini ak egzijans 60 èdtan li an, oswa sou chimen fini egzijans 60 èdtan li an.</p>



A-3. Enfòmasyon sou Sèvis yo pa Lekòl	<p>Yon fèy kalkil ki gen kantite elèv EL yo, pa lekòl, pa nivo Konpetans nan Lang Anglè, epi pa sitiyasyon andikap, ki pa chwazi pa resevwa sèvis yo epi:</p> <ul style="list-style-type: none">(a) ki p ap resevwa okenn ELD;(b) ki p ap resevwa ELD konfòmeman ak egzijans yo ki nan Seksyon 4.B.1;(c) ki p ap resevwa ELD chak jou;(d) ki pa gwoupe pou ELD konfòmeman ak egzijans yo ki nan Seksyon 4.B.2;(e) ki p ap resevwa Ansèyman Abrite konfòmeman ak egzijans yo ki nan Seksyon 4.C;
	Separeman, pou chak sou-pati (a) – (e), yon eksplikasyon detaye de rezon ki fè elèv EL ki pa chwazi pa resevwa sèvis EL yo p ap resevwa ELD oswa Ansèyman Abrite konfòmeman ak egzijans akò sa a.
A-4. Konseye ESOL yo	Yon lis tout Konseye ESOL yo ak lekòl y ap sipèvize kounye a.
A-5. Pou Rapò Jen 2024 la Sèlman	<p>Yon fèy kalkil Excel avèk enfòmasyon sa yo pou chak EL yo re-identifye selon Seksyon 2.E ak 2.F:</p> <ul style="list-style-type: none">(a) nimewo idantifikasyon elèv la;(b) lekòl;(c) nivo klas;(d) Nòt evalyasyon ki sèvi pou re-identifye EL la dapre Sek. 2.E ak 2.F;(e) Èske wi ou non elèv la te kalifye anvan sa pou pwogram EL la;(f) Si elèv la pa t kalifye anvan sa pou pwogram EL la, nòt elèv la nan nenpòt ansyen Tès Konpetans Endividyl (Individual Proficiency Test, IPT) Distrik la itilize;(g) Si elèv la te kalifye anvan sa pou pwogram EL la, dat elèv la soti nan pwogram nan, rezon ki fè li soti an, ak dènye nòt ACCESS yo touswit anvan li soti nan pwogram EL la;



APENDIS B

Dènye delè a: Jen 15

(Sòf si yo endike yon lòt bagay, tout enfòmasyon yo dwe reflete ane lekòl ki fèk fini an)

B-1. Sèvis pou elèv EL ki gen Andikap	<p>Yon fèy kalkil avèk enfòmasyon sa yo pou chak elèv EL yo refere nan sèvis edikasyon pou elèv eksepsyonèl:</p> <ul style="list-style-type: none">(h) nimewo idantifikasyon elèv la;(i) lekòl;(j) nivo klas;(k) nivo ELP pandan ane lekòl kote yo te refere EL la;(l) Dat referans la;(m) Dat evalyasyon an (si te gen youn);(n) Non ak tit moun ki te ba li fè tès la;(o) Yon deskripsyon de èske wi ou non evalyasyon an te fèt nan lang anglè ak de kijan evalyasyon an te fèt pou pran an konsiderasyon bezwen nan lang EL la;(p) Èske wi ou non yo te jwenn EL la kalifye pou sèvis ESE yo;(q) Si yo te jwenn EL la kalifye pou sèvis ESE yo, selon ki kalite andikap/don EL la kalifye.
	<ul style="list-style-type: none">(r) Yon lis pa lekòl ak tip pwogram (paregzanz, resous, klas otonòm) tout pwofesè edikasyon espesyal ki nan Distrik la ak èske wi ou non yo: (i) Sètifye nan ESOL, gen Apwobasyon pou ESOL, te fini ak egzijans 60 èdtan fòmasyon yo a, oswa sou chimen fini ak egzijans fòmasyon 60 or 300 èdtan yo a (ii) te suiv fòmasyon Seksyon 6 la egzije a, epi (iii) konpetan nan yo lang ki pa anglè (si se wi, mete lang nan).(s) Yon lis evalyatè edikasyon espesyal kalifye pa non, lang yo pale, ak domèn espesyalite Distrik la itilize pou evalye elèv EL li sispèk ki gen andikap yo.
B-2. Kourikoulòm ak Resous	Yon envantè, pa lekòl, de materyèl pedagojik pou EL yo ki obligatwa dapre Seksyon 4.A.4 la, epi chak ane apre sa, yon lis tout nouvo materyèl pou EL ki achte depi envantè ane anvan an.
B-3. Rekritman ak Devlòpman Pwofesyonèl	(a) Yon rapò ki gen ladan pou chak lekòl, non tout pwofesè yo. Pou chak pwofesè, mete: matyè a; nivo klas la; sitiyasyon nan zafè ESOL (Sètifye nan ESOL, gen Apwobasyon pou ESOL, te fini fòmasyon 60 èdtan an, sou chimen fini fòmasyon 60 oswa 300 èdtan an); oblige suiv fòmasyon sou Ansèyman Abrite ak metòd ELD (W/N); te suiv fòmasyon sa a (W/N). Distrik la pral pran nòt tout chanzman pòs, nouvo anplwaye, oswa depa depi rapò anvan an.



	<p>(b) Yon lis ajou tout chèf etablisman/administratè pa lekòl ki pa fini fòmasyon ànyèl ki nan Seksyon 6.B a.</p> <p>(c) Yon kopi plan devlòpman pwofesyonèl Distrik la pou ane lekòl k ap vini an ki gen pou wè ak aplikasyon Akò sa a, sa gen ladan dat, tit, sib, orè, karaktè obligatwa/volontè, ak animatè chak fòmasyon, pou Etazini egzaminen ak apwouve.</p>
B-4. Kominikasyon	<p>(a) Yon lis tout demann tradiksyon ak entèpretasyon pa lekòl, lang, dat, ak tip (paregzanp, avi pou paran, entèprèt pou reyinyon IEP); èske wi ou non yo te reponn demann nan, ak dat la; epi si yo te refize demann nan, rezon refi an.</p> <p>(b) Yon lis ajou anpwaye Distrik la, travayè endepandan, ak lòt moun ki bay sèvis tradiksyon ak entèprèt, sa gen ladan non moun sa yo ak lang yo bay sèvis yo ladan.</p>
B-5. Kontwòl ak Evalyasyon Pwogram nan	<p>(a) Yon lis tout elèv ki te soti nan pwogram EL Distrik la poutèt dènye evalyasyon ànyèl la. Pou chak Ansyen EL yo idantifye, idantifye pou elèv la: lekòl li, nivo klas li, nimewo identifikasyon elèv li; dat li soti an; kantite ane li pase nan pwogram EL Distrik la anvan li soti ladan; ak nòt li nan evalyasyon Konpetans nan Lang Anglè a (Nòt konbine global la ak nòt pa domèn yo).</p> <p>(b) Yon deskripsyon efò Distrik la fè pou li konfòme li ak Seksyon 8, sa gen ladan tout evalyasyon pwogram ki fèt nan nivo lekòl ak Distrik, done yo pran an konsiderasyon nan evalyasyon sa yo, ak tout konklizyon oswa obsèvasyon.</p> <p>(c) Rezulta gwoupe yo (si gen yon sondaj ki te fèt) oswa deskripsiyo rezulta yo (si te gen gwoup diskisyon ki te fèt) pou evalyasyon ànyèl Distrik la fè de eksperyans pwofesè yo nan ELD ak Ansèyman Abrite, ki te fèt konfòmeman ak Seksyon 8.D.2.</p> <p>(d) Rezulta gwoupe kèsyonnè ànyèl Distrik la pou Paran LEP yo ki fèt konfòmeman ak Seksyon 8.D.2.</p> <p>(e) Deskripsiyo evalyasyon Distrik la fè de plan devlòpman pwofesyonèl li an, ki fèt konfòmeman ak Seksyon 8.E, sa gen ladan done yo pran an konsiderasyon nan evalyasyon sa a, konklizyon yo ak obsèvasyon yo, èske wi ou non (epi si se sa, kisa) te gen modifikasyon yo te konsidere fè nan plan devlòpman pwofesyonèl la, ak rezònman ki dèyè tout desizyon pa fè modifikasyon sa yo.</p> <p>(f) Rezulta etid kowòt repete Distrik la ki dekri nan Seksyon 8.D.1 an nan dat 30 jen 2028 pou pi ta.</p>